

DOKUMEN MADRASAH
SANGAT RAHASIA



Nama :
No :

**SUMATIF AKHIR SEMESTER GANJIL
MI HIDAYATUL MUBTADIIN DEMPEL
TAHUN PELAJARAN 2024/2025**

Mata Pelajaran : BAHASA JAWA	Hari / Tanggal :
Kelas : IV (Empat)	Waktu :

A. Ayo pilihan wangsuln kang bener kanthi aksara A, B, C utawa D ana ing kothak wangsuln kang wis disedhiyakake!

Semaken geguritan ing ngisor iki kanggo mangsuli soal angka 1 lan 2!

Taman
Dening : J.F.X Hoery

Ing taman
Ing taman anakku
Tawon lan kupu rebutan madu
Kinjeng lan kombang rebutan kembang
Angin esuk ngereog embun ing pucuking kudhup
Kekedhering kinjeng lan kupu
Aja nganti mbok incup
Sawangen wae
Endahe

- Kewan kang ana ing taman kasebut yaiku
 - Manuk cendrawasih
 - Macan lan kebo
 - Tawon, kupu, konjeng, lan kombang
 - Tawon lan kebo
- Geguritan kasebut kaanggit dening
 - Anakku
 - J.F.X Hoery
 - J.F.X Hary
 - Taman
- Ketemu simbah wayah esuk kudu ngucapake
 - Sugeng dalu
 - Sugeng enjing
 - Sugeng siyang
 - Sugeng sonten
- Dadi bocah kuwi aja sok seneng goroh. Dasanamane tembung goroh yaiku
 - dolanan
 - gumedhe

- c. gawean
 - d. ngapusi
5. Maca geguritan iku klebu perangan maca
 - a. endah
 - b. batin
 - c. cepet
 - d. balapan
 6. Endahing geguritan dumunung ana ing ngisor iki, **kajaba**
 - a. pilihan tembung kang menthes
 - b. nggunakake wirama nalika maca
 - c. nganggo busananing basa kang maneka warna
 - d. temane narik kawigaten
 7. Omong-omongan antarane wong loro utawa luwih babagan salah sawijine bab kang ditindakake kanthi langsung diarani
 - a. persuasi
 - b. eksposisi
 - c. pacelathon
 - d. narasi
 8. Jeneng liyane pacelathon yaiku
 - a. pidhato
 - b. wara-wara
 - c. dhialog
 - d. pawarta
 9. Tuladha ukara kang becik kanggo tetepungan marang wong liya yaiku
 - a. "Halo, kenalan yo!"
 - b. "Eh, kenalan yo! Jenengmu sapa?"
 - c. "Mas, kowe wong ngendhi?"
 - d. "Mbak, ndherek nepangaken, nami kulo Jono, panjenengan?"
 10. Unggah-ungguh kang becik nalika tetepungan yaiku
 - a. bengok-bengok saka kadohan
 - b. nyedak karo menengn
 - c. nyedak karo ngajak Salaman
 - d. mripate ngawaske wong liyo
 11. Ing ngisor iki klebu ancas pacelathon, **kajaba**
 - a. menehi informasi
 - b. menehi hiburan
 - c. menehi pangajak
 - d. sarana ngapusi
 12. Pacelathon iku ditindakake paling sithik ... wong.
 - a. 1
 - b. 2
 - c. 3
 - d. 4
 13. Salah sawijine karya sastra kang awujud syair ing basa Jawa diarani
 - a. syair
 - b. paragraph
 - c. puisi
 - d. geguritan

14. Ing basa Indonesia, geguritan asring sinebut
- puisi
 - paragraph
 - novel
 - sandiwara
15. Tembung *gurit* nduweni teges
- parikan
 - puisi
 - cangkriman
 - tulisan
16. Geguritan iku klebu karya sastra
- Kalimantan
 - Papua
 - Sumatra
 - Jawa
17. Tandha waca kang digunakake kanggo misahake jeneng paraga lan pocapane yaiku
- titik
 - petik
 - titik loro
 - koma
18. Nalika maca teks pacelathon sing kudu digatekake yaiku
- anggone ngucapake tetembungan kudu bener lan cetha
 - anggone maca saben-saben ukara kudu cepet lan banter
 - anggone maca tetembungan lan ukara kudu lancar
 - logat anggone maca kudu cocog karo isine dhialog
19. Cita rakyat asipat kolektif. Tegese kolektif yaiku
- diduweni dening sakabehing masarakat
 - disebarake kanthi cara lesan
 - ora diamengerteni sapa sing nganggit
 - ngemu pitutur luhur
20. Cita rakyat iku jinise ana
- siji
 - loro
 - telu
 - papat
21. Cita rakyat nduwe titkan isine mung khayal utawa ora nyata lan mokal anane diarani
- anonym
 - imajinatif
 - kolektif
 - statis
22. Sage yaiku cita rakyat kang nritakake
- kaprawiran manungsa
 - alam gaib
 - dumadine panggonan
 - babagan sato kewan kang tindak tanduke kaya manungsa

23. Dongeng iku klebu jinis crita kang asipat
- nyata
 - ora nyata
 - prasaja
 - ngemu babagan Sejarah
24. Crita rakyat dicritakake kanthi
- turun-tumurun
 - lumantar medhia
 - ditulis ing buku
 - siaran radio lan tv
25. Wacan kang isine nggambarake sawijining objek yaiku
- narasi
 - persuasi
 - dheskripsi
 - eksposisi
26. Ing ngisor iki titikan kang mligi saka wacan dheskripsi, yaiku
- nggatekake urutan wektu
 - nggunakake pancadriya
 - linambaran alesan kang mathuk
 - ngajak pamaca supaya nglakoni apa sing diandharake
27. Wacan dheskripsi kang nggambarake objek adhehdasar kesan sing diduweni panulis sajrone wacan diarani dheskripsi
- campuran
 - subjektif
 - spasial
 - objektif
28. Ing ngisor iki sing ora kalebu jinis wacan dheskripsi, yaiku
- dheskripsi campuran
 - dheskripsi subjektif
 - dheskripsi spasial
 - dheskripsi objektif
29. Teks wacan kang ngandharake kedadayan kanthiurut (kronologis), yaiku
- dheskripsi
 - narasi
 - argumentasi
 - persuasi
30. Ing ngisor iki sing klebu titikane karangan narasi, yaiku
- njlentrehake objek kanthi cetha
 - kanggo mbujuk utawa ngajak-ajak sing maca
 - ngandharake kedadayan sacara kronologis
 - njlentrehake carane gawe barang

B. Pranyatan ing ngisor iki jodhokna karo wangsulan kang jumbuh!

No	Pernyataan	Jawaban
31	Tibaning swara ing pungkasaning gatra.	Suasana
32	Tetembungan kang runtut karo tembung mburine, ngenani bab swarane, utawa tembunge.	Guru lagu
33	Kahanan batin sawise maca geguritan kang dirasakake pamaos.	Wiraga
34	Cocog/ jumbuhing solah bawa obahing awak, polatan, lan rasa	Wicara
35	Ala becike aksara swara/ dhong-dhinge basa, pocapan/ lafal	Meneghi informasi
36	Jeneng liyane pancelathon	Purwakanthi
37	Ancas pancelathon	Unsur intrinsik
38	Unsur pandhapuk crita	latar
39	Andharan kanggo nggambarake papan panggonan, wektu, lan kahanan	Dhialog
40	Crita kang wis ana wiwit jaman biyen kang dadi ciri khas saben-saben dhaerah	Dongeng

C. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi bener.

41. Ibu nembe jenang tumpang. (nedha/ dhahar)
42. Kula kesah dhateng dalemipun simbah. (arep/badhe)
43.apa wis dhahar, Mas? (kowe/panjenengan)
44. Sintamarang Bu Guru merga durung jelas. (takon/ nyuwun pirsaa)
45. Bu Guru tindak sekolahanmobil. (numpak/ nitih)
46. Adhik lagijenang sumsum. (dhahar/mangan)
47. Pak Diman nembe wonten ing kamar. (tilem/sare)
48. Simbah nembesaking sabin. (wangsul/ teka)
49. Rudi tangi turu langsung(siram/ adus)
50. Adhiku senengsusu. (ngunjuk/ngombe)